



Evite Sanksyon Sivil pou Sèten Vyolasyon Depatman Sante Vil New York: Yon Gid pou Inite k ap Vann Manje nan Machin epi boutik manje yo sou Kijan pou “Remedye” Sèten Vyolasyon

Tanpri sonje vèsyon tradui dokiman sa a disponib sou entènèt pou preferans ou. Pou remedye ak vyolasyon yo, tanpri ranpli fòm yo nan lang Anglè.

Sèten vyolasyon ki fèt premye fwa ki siyale bay antrepriz yo pa Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Depatman Sante Vil New York) ka “remedye”. Pou remedye ak yon vyolasyon, yon biznis dwe korije pwoblèm ki te lakòz yo te resevwa yon konvokasyon epi soumèt prèv bay Depatman Sante Vil New York. Si Depatman Sante Vil New York la deside biznis la korije kondisyon an, yo p ap fè okenn penalite sivil (amann monetè) kont biznis la.

Ki vyolasyon ki ka remedye?

Vyolasyon ki endike nan tablo yo nan dokiman sa a ka remedye.

Kisa ki se yon vyolasyon premye fwa?

Yon vyolasyon premye fwa se yon vyolasyon ki:

- fèt nan dat oswa apre 6 mas 2023;
- annatant oswa li pa te konfime pa defo nan Biwo Pwosè Administratif ak Odyans (OATH).

Kisa Mwen bezwen soumèt pou m remedye yon vyolasyon?

Ranpli fòm afimasyon an epi soumèt prèv pou w remedye premye vyolasyon w la pa pita pase **sèt (7) jou kaladriye** apre dat enspeksyon an (ki ekri sou konvokasyon w lan). Si vyolasyon w lan se paske w pa afiche yon fason klè Règleman sou Lwa sou Lè san Lafimen nan espas travay la, prèv pou remedye a dwe soumèt nan **30 jou kalandriye** apre enspeksyon an.

Kikote pou mwen soumèt fòm afimasyon mwen an?

Ou ka voye fòm afimasyon ou an pa imèl oswa soumèt li an pèsòn. Gade seksyon sa yo nan dokiman sa a pou plis detay.

Kijan m ap konnen si Depatman Sante Vil New York te aksepte prèv mwen an epi si p ap gen okenn penalite?

Depatman Sante Vil New York ap fè w konnen alekri si yo te aksepte soumisyon w la epi si vyolasyon an remedye. Depatman Sante Vil New York ap enfòm OATH tou lè vyolasyon an te remedye epi pa gen okenn penalite.

Si Depatman Sante Vil New York la rejte prèv ou, ou ka fè apèl nan OATH.

Èske remedyasyon yon vyolasyon chanje eskò enspeksyon an oswa nòt lèt pou inite vann manje nan machin?

Non, remedyasyon an pa pral chanje yon eskò enspeksyon oswa yon nòt lèt. Remedyasyon vle di admèt epi aksepte vyolasyon an. Depi Depatman Sante Vil New York aksepte yon vyolasyon kòm yon vyolasyon ki remedye, ou pa kapab konteste vyolasyon an ankò atravè OATH.

Ki avantaj ki genyen nan remedye yon vyolasyon si li rete sou dosye ou?

Ou p ap oblije peye yon amann pou yon vyolasyon premye fwa.

Ki vyolasyon ki ka remedye pou inite lavant manje nan machin?

Tablo sa montre ki vyolasyon ki ka remedye pou inite lavant manje nan machin:

Vyolasyon Kòd	Apwovizyonman nan Lwa Vyolasyon	Deskripsyon
03E	24 RCNY 6-04(f)	Pa bay dlo potab oswa dlo ki pa apwopriye
03E	NYCHC 81.20(a)	Entèkoneksyon yo obsève an dlo potab ak dlo ki pa potab
04F	NYCHC 81.20(b)	Preparasyon manje, depo manje, oswa lòt espas ki kontamine ak dlo egou oswa dechè likid
05A	NYCHC 89.25(b)	Pa bay rezèv dlo egou ak dechè likid, ki pa pa apwopriye, oswa ki pa apwouve
08B	NYCHC 81.24(a)	Resipyan fatra ki pa rezistan ak ensèk nuizib oswa dlo; pa kouvri ak kouvèti byen sere
08B	NYCHC 81.24(c)	Resipyan fatra ak kouvèti ki pa netwaye apre yo fin vide l epi anvan yo itilize ankò
09C	NYCHC 81.17(d)(1)	Sifas kontak manje mal konstwi epi konsève; pa fasil pou netwaye
10B	24 RCNY 6-04(g)(1)	Dlo potab ki pa pwoteje kont ranvèsman, sifonaj pa dèyè, oswa entèkoneksyon
10B	NYCHC 81.20(b)	Move eliminasyon dlo egou oswa dechè likid
10C	24 RCNY 6-04 (c)	Ekleraj ensifizan; ki pa apwopriye
10F	24 RCNY 6-04(b)(1)	Andedan ki pa gen sifas kontak manje: itilize materyèl ki pa akseptab, oswa ki pa pwòp oswa sanitè
10F	NYCHC 81.17(e)(3)	Pa gen sifas kontak manje (ekipman, enstalasyon, materyèl dekoratif, vantilatè, elatriye.) pa pwòp oswa nan kondisyon travay
16-02	NYCHC 81.08(c)	Etikèt ki gen done nitrisyonèl ak/oswa etikèt engredyan yo pa rete sou anplasman
18-09	Administrasyon Kòd 17-311	Si w pa montre lisans ak/oswa dokiman pèmi
24-01	Administrasyon Kòd 17-315(a)	Inite Vandè Manje Mobil (Mobile Food Vendor, MFV) sou twotwa a mwens pase 12 pye, oswa nan rebò twotwa a
22-04	Administrasyon Kòd 17-311(d)	Vandè Charyo vèt la pa reyisi pote kat ki montre zòn lavant ki otorize yo
24-02	Administrasyon Kòd 17-315(b)	Charyo ki frape kont yon batiman

Ki vyolasyon ki ka remedye pou boutik lavant manje nan machin?

Tablo sa montre ki vyolasyon ki ka remedye pou boutik lavant manje nan machin:

Vyolasyon Kòd	Seksyon Apwovizyonman nan Lwa Vyolasyon	Deskripsyon
16-02	NYCHC 81.08(c)	Etikèt ki gen done nitrisyonèl ak/oswa etikèt engredyan yo pa rete sou anplasman

Ki jan inite lavant manje nan machin yo ak boutik manje yo ta dwe soumèt fòm afimasyon yo?

Ou ka voye **fòm afimasyon** ou an pa imèl oswa soumèt li an pèsòn. Pou soumèt fòm afimasyon ou ak nenpòt foto oswa dokiman:

- Pa imèl, voye yo nan **infobfscs@health.nyc.gov**. Ekri “Proof of Cure – Summons / [Docket number]” (Prèw remedyasyon - konvokasyon / [Nimewo rejis]) nan liy sijè a.]” nan liy sijè a.
- An pèsòn, pote yo bay Depatman Sante Vil New York nan 125 Worth St., Sal 1020, New York, NY 10013

Soumèt nenpòt fo deklarasyon bay Depatman sante Vil New York ka lakòz sanksyon pou vyolasyon kòd Sante Vil New York la epi lòt lwa aplikab yo. Pou sèvis tradiksyon nan bouch (entèpretasyon) oswa asistans pou tradiksyon dokiman pou ede konprann kòd vyolasyon oswa ranpli fòm ki apwopriye yo, tanpri rele nan 212-676-1650.